



EDE MOUN RESEVWA

# Pi bon swen nan kay

nan ofri fòmasyon, konpansasyon, & sipò klinik  
pou fanmi moun kap bay swen yo



## MOUN KAP BAY SWEN OU FÈ KONFYANS

### Ekip Sipò

Bay swen se yon eksperyans ki pèsoneèl anpil ki souvan enprevizib. Fè vwayaj sa a avèk yon ekip sipò ou kapab fè konfyans.

**Adult Family Care se yon òganizasyon lokal a bi non likratif ki te ede plizyè milye fanmi toupatou nan Zòn Greater Boston nan bay pi bon swen nan kay.**

Chak fanmi moun kap bay swen inik, avèk objektif komen ki se konpasyon ak angajman. Nou pataje valè sa yo, epi bay sipò grasa fòmasyon nan kay, konpansasyon, ak konsèy kontinye.

Fanmi nap travay avèk yo a renmen Adult Family Care; **95% ba nou piwo nivo klasman ke posib** nan sondaj satisfaksyon kliyan nou an. Nou gen tou piwo nivo klasman akreditasyon nan Jesyon ka ki soti nan Komite Nasyonal pou Asirans Kalite [Management from the National Committee].

“ Pwogram Adult Family Care te bay pasyan mwen an kalite lavi li pa t janm genyen. ”

— Doktè Swen Primè nan Lopital Jeneral Massachusetts



## KONSANTRE SOU KAPASITE

Paran yo kap bay pitit adilt yo swen ap fè fas avèk difikilte inik lè li kesyon pou balanse sipò ak endepandans. Nan Adult Family Care, **konsantrasyon nou se sou kapasite ak ede moun viv yon pi bon kalite lavi nan yon anviwonman ki gen mwens restriksyon.**

Ekip nou an gen yon vas eksperyans nan sipòte fanmi yo pran swen paran pwòch yo ki gen andikap newo-devlopmanal, chòk twomatis nan sèvo, dyagnostik sante mantal, ak plis ankò. Nou ka ede tou navige rezo a ansanm avèk pwogram sipò alontèm nan kowòdone sèvis yo avèk òganizasyon tankou DMH ak DDS. Ekip nou an bay yon bon jan kalite pèspektiv nan kay pou moun yo ki genyen diskisyon Plan Edikasyon Endividyèl/ Plan Sèvis, reyinyon fanmi ak reyinyon planifikasyon egzayat.

Apati premye evalyasyon pou rive nan vizit kontinyèl nan kay, ekip nou an la nan tout etap nan pwosesis la.

### ENFÓMASYON POU FOUNISÈ YO

Moun kap bay swen an dwe abite avèk patisipan an e li pa kapab konjwen oswa gadyen legal li. Moun kap resevwa swen an dwe:

- Gen laj 16 ane oswa pi gran
- Gen MassHealth Standard, Commonwealth, Senior Care Options (SCO), OneCare, oswa PACE
- Pa kapab abite poukont li akoz yon dyagnostik medikal
- Bezwen asistans avèk omwen youn nan bagay ki annaprè yo: benyen, abiye, chanje pozisyon, deplase oswa manje



## VYEYISMAN ANSANTE ANPLAS

Moun ki aje ansante kòmanse nan kay, e **ekip nou an te ede plizyè milye fanmi reponn avèk difikilte** nan planifikasyon lopital pou rive nan kay, chanjman toudenkou nan kondisyon sante, oswa bezwen swen kap ogmante detanzantan pandan letan.

Nou mete aksan sou swen ki santre sou moun, sa ki kòmanse avèk objektif fanmi yo. Ekip nou an analize sityasyon an nan entegralite l epi itilize pèspektiv sa pou devlope yon plan swen pèsonalize. Travayè sosyal ak enfimyè nou yo kidonk bay sipò kontinyèl grasa:

**VIZIT CHAK  
MWA NAN KAY**

**KOLABORE AVÈK FOUNISÈ  
SWEN SANTE YO**  
pou asire kontinite  
nan swen

**BAY YON PÈSPEKTIV  
NAN KAY**  
nan reyinyon  
planifikasyon egzeyat yo

**NAVIGÉ ASIRANS  
SANTE**  
ak pwoblèm ki gen  
rapò avèk benefis

**BAY EDIKASYON**  
sou dyagnostik medikal

**KOWÓDONE RESOUS  
KOMINOTÈ YO**  
tankou Sante Adilt  
Lajounen



## KIJAN NOU EDE **MOUN KAP BAY SWEN YO**

Bay swen chak jou pou yon paran pwòch se yon nouvo eksperyans pou anpil fanmi. **Ekip nou an ap ede moun kap bay swen yo pou bay pi bon kalite swen posib nan kay grasa:**

### **KONPANSASYON**

Yon alokasyon san taks chak mwa

### **SIPÒ KONTINYÈL**

Diskite difikilte ak estrateji yo avèk enfimye ak travayè sosyal nou yo

### **FÓMASYON CHAK MWA**

Enstriksyon espesyalis sou sijè ki gen rapò avèk bay swen

### **SWEN TANPORÈ PEYE**

De semèn konje peye chak ane

“ Mwen telman gen plis konfyans, konnen ke enfimye ak travayè sosyal la prezan pou sipòte nou. ”

— AFC Caregiver

Nou kontan pou nou konekte avèk ou pou yon konsiltasyon gratis nan 617-440-0987 oswa atravè imèl nan [AFC@eldercare.org](mailto:AFC@eldercare.org)

# Sèvi avèk Fyète



**Aprann plis**

Si ou vle gen plis enfòmasyon sou Adult Family Care?

Imèl [AFC@eldercare.org](mailto:AFC@eldercare.org)  
Oswa rele nou nan **617-440-0987**

Nou ofri tou yon pwosesis referans senp  
ak dirèk atravè sit entènèt nou an,  
**[adultfamilycare.org](http://adultfamilycare.org)**